

Kwaari) akamurayira achiti: "Iva munhu akapfava uye akadzikama Iwe Aisha, sezvo Mwari vanoda rupfave pane zvinhu zvose ..."

Uyezve akataura achiti: "Ratidza rupfave, nokuda kwekuti rupfave rukawanikwa ruri pane chinhu runochinaki-sa, uye rukabviswa pane chinhu runochinyangadza..."

Kuzvininipisa

Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) aigaro rambidza vanhu kuti vamusimukire nokuda kwekumuremekedza.

Aiwanzo gara pose pose paaiwa-na gwanza pagungano, akange

asingatsvage nzvimbo yakakwirira kana inoremekedzeka. Aisa pfeka zvipfeko zvaaita kuti pave nemusiyo pakati pake nevadzidzi vake, kana kuti zvaaita kuti aonekera pavadzidzi vake. Aigaro sangana nevarombo uye

neavo waitambura; aiwanzo gara

nevanhu vakura uye aibatsira chirikadzi. Vanhu vakange vasinga muzive vaisakwanisa kumunongedza pagungano revanhu.

Achipa mharidzo kuvadzidzi vake akati: "Mwari vakadzikisa kwandiri kuti, unofanira kuva munhu anozvininipisa, hapana munhu anofanira kuzvikudza kune mumwe, uye hapana munhu anofanira kudzvanyirira mumwe..."

Ndirwo rwakange rwuri rupfave rwake nokuti aitya kuti vanhu vaizo munamata, basa rakafanira kuna Mwari chete:

"Musapfurikidze mwero pakundirumbidza sezvinoita Makristu pavanorumbidza Jesu, mwanakomana waMaria, ndingori chete muranda waTenzi, naizvozvo ndishedzei muchiti, Muranda waAllah uye Mutumwa wake..."

Murume anozadzisa zvinodiwa:

Mudiwa waMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) ainzi Aisha akataura maererano nezvemurume wake airemekedzeka achiti:

"Aigaro batsira kazhinji mumabasa emumba, uye dzimwe dzenguva

aiona nguvo dzake, kusona shangu dzake, uye nekutsvaira mumba. Dzimwe dzenguva aikama mukaka, kudzivirira uye kupa zvekudya kuzvipfuyo zvake uye achiitawo mabasa emumba..."

Akange asiri murume akazvipira chete, asi kuti aito kurudzira vadzidzi vake kuti vave vanoteedzera mufananidzo wake, "Vakarurama mukati mevatendi ndeavo vakarurama patsika dzavo, uye vakanaka pakati pavo ndeavo vanenge vari vakanaka kuvakadzi vavo..."

"Zviokwazvo, varanda veuyo anenyasha zhinji ndeavo vano-famba panyika vachizvininipisa, uye vakataudzwa neavo vasina ruzivo vanoti: 'Rugare'..."
Korani 25:63

"Uye garai navo (vakadzi venyu) nerupfave..."
Korani 4:19

Mucherechedzo unozadzisa zvinodiwa

"Zviokwazvo, Iwe (Muhammad) une tsika dzepamusoro-roso..."
Korani 68:4

Zvatungamidzwa pakutaura izvi zvinopa mucherechedzo wezvemamar-amiro akaitwa naMuhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) pahupenyu hwake. Mifananidzo yekupfava uye nenyasha yataurwa inokwanisa kuva

inoshamisa zvikuru kune vamwe vanhu

kana takatarisana nemucherechedzo urikuratidzwa weIslam nevatori venhau, uye nekuramba ichimirirwa nevasiri maMuslim

Zvakakosha zvikuru kana munhu achida kunzwisisa Islam kuti ave anoenda kumavambo ayo: Korani uye Nhaurwa pamwe nemabasa aMuporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari), uye munhu haafanire kutonga chitendero cheIslam nokuda kwemabasa emaMuslim vashoma.

Mashoko etsigiro kubva kune avo vasiri maMuslim

Mahatma K. Gandhi, mutungamiriri mukuru webato rezve-matongerwo enyika uye zvechitendero kuIndia yakasununguka, akataura mashoko etsigiro achiti: **Kushingaira, kuva nyore, nekuzviumbiridza kwaMuporofita, Kuremekedza kwake nokukudza tsigiro dzevanhu, kuzvipira kwake kwakakwana kushamwari nevadzidzi vake, hushingi hwake, kusatya kwake, kuvimba kwake kwakakwana muna Mwari, uye nemuhutumwa hwake, zvose izvi, kwete nokuda kwebakatwa, zvakaite kuti akwanise kutakura zvose zvakange zviri mberi kwake uye kuti ave anokunda muzvimhingamidzo zvose zvaaisangana nazvo.**

George Bernard Shaw, murume wechiBritishi anoona nezvimitambo akatsigira achiti: **Nyika irikutoda zvakasimba munhu ane pfungwa dzakafanana nedza Muhammad, vanhu vezvitendero zvakauya mumakore epakati aya, nokuda kwekushaya ruzivo rwakakwana, nerusaruro vakamupa mufananidzo wakaipa zvikuru nokuti vaimutora semhandu yechitendero cheChikristu, asi pachokwadi anofanira kunzi mununuri wevanhu. Pamafungiro angu, dai kuri kuti aipuwira mukana wekutonga nyika yose nhasi uno, aikwanisa kugadzirisa matambudziko edu uye towana runyararo nemufaro izvo zvirikudiwa nenyika yose.**

For More Information, Contact:

Name: Supreme Muslim Council of Zimbabwe
Address: Std No.19280 Unit N, Seke, Chitungwiza, Zimbabwe
Phone: 00263772686584

Name: Direct Aid - Africa Muslim Agency
Address: 40 Greendale Avenue, Greendale, Harare, Zimbabwe
phone: 002634498345

MUPOROFITA MUHAMMAD

(Rugare Ngaruve Kwaari)

MUNOFANIRA KUMUZIVA MURUME UYU!

Dzidza zvidzidzo
Zvemavambo

islamicpamphlets.com

Ko Muhammad?

(Rugare Ngaruve Kwaari) ndiani

MaMuslim vanotenda kuti Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akange ari Muporofita

"Zvirokwazvo, mune mucherechedzo wakurama pana Mutumwa waAllah kune uyo anechishuwo muna Allah uye nemuzuva rekupedzisira, uye achirangarira Allah zvakananyanya..."
Korani 33:21

wekupedzisira kubva pamutorododo weMaporofita vakatumwa kuzoparidza kuvanhu kuti vave vanoteerera uye nekushumira Mwari woga (Allah muchi Arabhu). Vamwe veMaporofita aya vanosanganisira: Adamu, Noah, Abrahamu, Ishumairi, Isaki, Jakobo, Josefa, Mosesi, Davida, Solomon uye na Jesu (Rugare Ngaruve Kwavari vose).

SaMosesi (Rugare Ngaruve Kwaari) akatumwa aine bhuku re Torah (iroro chairo risina kukanganiswa rakatumirwa Mosesi) uye Jesu (Rugare Ngaruve Kwaari) akatumirwa Vhangeri (iroro chairo risina kukanganiswa - kwete ayo arikuwanikwa mazuva ano), MaMuslim vanotenda kuti Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akatumwa aine Korani kuzoratidza kuti dzidziso dzaicho dzaifanira kuitwa zvaka-dii.

Mudzimai waMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) ainzi Aishah, akakumbirwa mumwe musiki kuti atsanangudze chimiro chaMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari), naizvozvo akapindura achiti: "akange ari Korani raifamba...", zvichireva kuti aizadzisa nepose paigona dzidziso dzakakosha dzemu Korani pahupenyu hwake zuva nezuva. Tichaedza kuratidza kuti aisandura sei dzidziso dzinokosha kudziita mabasa anokosha.

Hutumwa Hwenyasha

Zvichisanganisira mharidzo yake kuvanhu kuti vave vanonamata, kutsanya, uye kupa zvipo, Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) aidzidzisa zvakare kuti kutenda kwemunhu munaMwari kunofanira kubatsiridza pamabatiro ake evamwe vanhu. Iye akataura achiti: "Vakanaka pamuri ndeavo vanenge vaine tsika dzakanaka..."

Nhaurwa zhinji dzaMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) dzinokomekedza hukama huri pakati pekutenda nemabasa, semufananidzo, "kune uyo anotenda kuna Mwari (Allah) uye nemuzuva rekupedzisira, haafanire kukanganisira muvakidzani wake, kune uyo anotenda kuna Mwari (Allah) uye nemuzuva rekupedzisira anofanira kubata vaenzi vake."

"Uye hatina kuku-tumira lwe (Muhammad) kunze kwekuti uve nyasha panyika..."
Korani 21:107

zvakanaka, uye kune uyo anotenda kuna Mwari (Allah) uye nemuzuva rekupedzisira anofanira kutaura zvakanaka chete kana kungonyarara hake ..."

Mutumwa wekupedzisira (Rugare Ngaruve Kwaari) akadzidzisa vanhu kuti vave nyenasha uye kuti vave vanoremekedzana pachavo, "Uyo asingaratidze kuva nyenasha kune vamwe, haamboratidzwawo nyasha navamwe ..."

Pane imwe nhaurwa, vamwe vanhu vakakumbira Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) kuti akumbire Mwari kuti varange vahedeni vose, asi ivo vakapindura vachiti: "handina kutumwa kuti ndive ndinotuka, asi kuti ndive senyasha..."

Ruregerero

Muporofit (Rugare Ngaruve Kwaari)

Muporofit akange ari munhu airegerera kwazvo kudarika vanhu vose uye akapfava zviku-ru. Aiti akatadzirwa nemunhu aitomuregerera munhu iyeye, kunyange aita hasha dzakadii iye ndipo paaitotsungirira zviku-ru. Akange akapfava zviku-ru uye achiregerera zviku-ru, kunyanya panguva yokuti ndiye akange aine kodzero uye nesimba rekudzorera.(Rugare Ngaruve Kwaari).

Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akanga ari wekuregerera, naizvozvo pakange pasina huhwandu wemhaka kana kurwiswa zvakange zvakanaka kwaari asi kutoti aitoregerera chete. Akange ari mucherechedzo mukuru panyaya yokuregerera uye nekupfava, sekutaurwa kwazvakaitwa mundima dzirikutevera dzemu Korani: "chengetedza ruregerero, okurudzira nyaya yekupfava, uye ogara kure neavo vasina ruzivo ..." Korani 7:199

"Uye ngavaregerere uye vakanganwe nezvazvo, hamuna chishuwo here chekuti Allah vakuregererei? Zvirokwazvo Allah vanoregerera zviku-ru, vane nyasha dzakanaka..."
Korani 24:22

Ruenzano

"Zvirokwazvo, vanonyanyo remekedzeka pakati penyu kuna Allah ndeavo vanonatsa..."
Korani 49:13

Munhaurwa dzirikutevera dzaMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari), akadzidzisa kuti vanhu vose vakanzana pamberi paMwari.

"Vanhu vose vakabva kuna Adhamu, uye Adhamu akabva

muVhu, hapana kukosha kuripo

pamuArabhu pamusoro peuyo asiri muArabhu, kana paMutema pamusoro peMuchena, kunze kwemuhutsvene..."

"Mwari havakutonge maererano nechimiro chako, uye nehupfumi hwako, asi kuti vanotarisa mwoyo yenyu uye nemabasa enyu..."

Zvinotaurwa kunzi mumwe musiki mumwe mudzidzi waMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akasheedza mumwe mudzidzi nenzira yekutsvina apo akati: "Iwe mwana wemutema..." Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akashatirwa zviku-ru akapindura achiti: **amai vake vatema here? Uchiine kusaziva kwakasarira paupi kwepanguva yekare Islam isati yavepo ..."**

Kuremekedza pfungwa yevamwe

"Haufanire kuita huipi kune avo vanoita huipi kwaari, asi kuti unofanira kushanda navo nenzira

"Mabasa ekururama neakashata haana kufanana. Ramba mabasa akashata uchiita akarurama, nokudaro uyo wawakange uchivengana naye achaerekana ave shamwari chaiyo yepamwoyo..."
Korani 41:34

yekuregerera uye nekupfava..." Iyi ndiyo nzira yaishandiswa naMutumwa wekupedzisira (Rugare Ngaruve Kwaari) paainyombwa nekutukwa.

Zvinyorwa zveIslam zvinosanganisira zviitiko zvakanaka apo Muporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akange aine

mukana wekudzorera kune avo vainge vamutadzira, asi aibva azvidzora kubva mukuita zvakanaka saizvozvo.

Aidzidzisa vanhu kuti vave vanotsungirira pose pavanosangana nedambudziko: **"Munhu akasimba haasi uyo anokurira vamwe nesimba rake, asi munhu akasimba ndeuyo anokwanisa kuzvibata kana achinge ashatirira"**

Kutsungirira nekuremekedza pfungwa yevamwe hazvireve kuti muMuslim anofanira kuva akapusa asingakwanise kuzvidzimirira panguva yaanorwiswa, kwete. Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akataura kuti: **"Musave nechishuwo chekusangana nemhandu, asi pamunosangana nemhandu tsungirirai (i.e. ivai makatsiga pamunosangana nemhandu)..."**

Rupfave

Mudzidzi akashandira Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) kwemakore gumi akataura achiti, Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akange akapfava nguva dzose pakushanda kwake nevanhu:

"Pose pandaiita chimwe chinhu, haana kubvira akan-dibvunza kuti ndainge

ndachiita sei, uye pose pandairegedza kuita chimwe chinhu, haana kubvira akan-dibvunza kuti sei ndakakundikana kuchiita, akange ari munhu ane hushamwari kudarika vanhu vose..."

Pane chimwe chiitiko, mudzimai waMuporofita (Rugare Ngaruve Kwaari) akagumbuka zviku-ru mushure mekunge atukwa nemumwe munhu, Muporofita (Rugare Ngaruve)

"Nokuda kwenyasha dzaAllah wakava nerupfave kwavari, ungadai uine hasha kana mwoyo wakaoma, vangadai vakakutiza..."
Korani 3:159